

Kesyon Konsènan CORE yo Souvan Poze



Department
of Health

Office of
Mental Health

Office of Addiction
Services and Supports

1

Kisa ki Sèvis (CORE) yo?

Sèvis Rekiperasyon ak Ranfòsman Oryante Kominotè (CORE) se sèvis espesyal ki ede w atenn objektif rekiperasyon w, tankou jwenn èd pou jwenn yon travay oswa ale lekòl, oswa viv pi endepandan.

2

Kijan CORE ka Ede m?

Sèvis CORE yo devlope pou reponn a objektif rekiperasyon pèsònèl ou yo - sa ki pi enpòtan pou ou, fason ou ka atenn objektif ou, ak devlope yon rezo soutyen.

3

Eske Sèvis (CORE) yo bon pou mwen?

Si w gen omwen 21 lane, ou asire nan Medicaid epi ou fè pati nan yon Pwogram Sante ak Rekiperasyon (HARP), Sèvis CORE yo ka bon pou ou. Anplis de sa, moun ki antre nan Plan Bezwen Esespal-VIH (HIV-Special Needs Plans) oswa Plan Plis Avantaj Medicaid (Medicaid Advantage Plus Plans) ap kalifye tou pou CORE.

4

Kijan pou mwen jwenn Sèvis CORE yo?

Si w antre nan Jesyon Swen Medicaid Eta Nouyòk (NYS Medicaid Managed Care) kontakte plan Jesyon Swen Medicaid ou a pou w konnen si w kalifye pou sèvis CORE yo. Pale avèk founisè sante konpòtmantal ou a, oswa, si w rive antre nan yon Swen Sante Adomisil, ou ka mande Manadjè Swen Sante Adomisil ou a tou.

5

Konbyen sèvis CORE yo koute?

Asirans ou kouvri sèvis CORE, yo gratis pou ou.

6

Mwen gen difikilte pou m ale nan randevou m yo, èske mwen ka toujou jwenn sèvis CORE yo?

Ou ka resevwa sèvis CORE yo lakay ou, nan kominote, oswa nenpòt kote ki pi bon pou ou.

